

Fason pou Mande pou yon Ebèjman Rezonab nan Depatman Sèvis pou Sanzabri yo (Department of Homeless Services, DHS) si ou genyen andikap.

Kisa yon Ebèjmanm Rezonab ye?

Yon ebèjman rezonab (reasonable accommodation, RA) se yon chanjman ak yon sistèm pou yon moun ki gen andikap kapab jwenn sèvis li bezwen. Ajans gouvènman tankou Depatman Sèvis pou Sanzabri yo (Department of Homeless Services, DHS) dwe adapte règ ak pwosedi pa yo yon jan pou moun ki gen andikap yo kapab genyen aksè egal. Si ou genyen yon andikap epi ou bezwen yonabri DHS, DHS dwe ba ou sa ou bezwen pou itilizeabri ak sèvis DHS yo. DHS kapab ba ou plizyè RA diferan, an fonksyon de bezwen ou yo akòz de andikap ou an.

Kisa yon andikap ye?

Selon Lwa Ameriken avèk Andikap (Americans with Disabilities Act, ADA), yon moun ki gen yon andikap se yon "moun ki genyen yon defisyans fizik oubyen mantal ki limite konsiderableman youn oubyen majorite aktivite lavi yo. Si w'ap souffri yon kondisyon sante fizik oubyen mantal ki afekte yon fason repete epi ki grav lavi chak jou ou, ou pwobableman genyen yon andikap selon ADA. Sa kont lalwa pou diskrimine yon moun akòz de andikap li.

Ki dwa mwen genyen ak yon ebèjman rezonab nan Depatman Sèvis pou Sanzabri yo?

Si ou bezwenabri nan DHS epi ou genyen yon andikap ki fè li difisil pou ou itilize sèvis DHS yo, ou kapab fè demann yon RA.

Depatman Sèvis Sanzabri yo (Department of Homeless Services, DHS) dwe adapte ak bezwen ki asosye ak andikap ou e ak fanmi ou, menm si yo pa t ko jwenn ou elijib pouabri a. Kèk rezon komen ki fè yon moun kapab bezwen yon RA se si l'ap itilize yon chèn woulant oubyen lòt èd pou mache, si li genyen difikilte pou tande, oubyen si li genyen yon andikap pou aprann.

Ki tip Ebèjman Rezonab mwen kapab jwenn?

Chak demann RA inik ak espesifik pou moun ki mande l la. Pa genyen okenn limit ak tip oubyen kantite RA yon moun kapab bezwen. Kèk egzanp RA kouran se tan datant ki pi kout nan biwo DHS yo si ou pa kapab ret tann pou yon peryòd tan ki long, aksè ak yon asansè si ou pa kapab monte ak desann eskalye yo, aksè ak yon klimatizè si ou genyen yon andikap ki fè li difisil pou ou respire nan tanperati ki fè cho, oubyen repa espesyal si ou dwe swiv yon sèten rejim akòz de yon alèji oubyen kondisyon medikal.

Kijan pou m mande yon Ebèjman Rezonab?

Genyen plizyè fason pou fè demann yon RA. Fason ki pi kouran yo se mande yon manm pèsònèl abri ou an oubyen ranpli [Fòmilè Demann Ebèjman Rezonab DHS](#). Si ou bezwen èd pou ranpli fòmilè a, pèsònèl nan abri a dwe ede ou.

Si andikap ou an "aparan" oubyen evidan, ou pa bezwen soumèt okenn dokiman oubyen fòmilè pou jwenn sa w bezwen an. Pa egzanp, yon moun k'ap itilize yon chèz woulan kapab mande pou li nan yon batiman avèk yon asansè oubyen nan premye etaj. Nan ka sa, kliyan pa bezwen dokimante ke li bezwen yon chèz woulan paske pèsònèl la kapab wè li.

Si andikap ou an pa "aparan," ou kapab bezwen dokimante demann RA ou an pou li kapab apwouve. Aprè ou fin fè demann RA a epi enkli dokimantasyon ladan l (si nesèsè), pèsònèl abri a dwe voye demann nan ak tout dokiman yo pou DHS. Aprè sa, pèsònèl DHS la pral pran yon desizyon sou si RA ou an apwouve.

Ki tip dokimantasyon DHS la bezwen pou yon demann RA?

Si andikap ou an aparant, yo pa dwe egzije ou founi okenn dokimantasyon pou yo kapab apwouve RA ou an nan DHS. Konsa tou, si DHS gentan gen divès kopi dokimantasyon sou andikap ou ak bezwen RA ou pou yon RA ki te apwouve pa DHS avan, ou p'ap bezwen pou soumèt menm enfòmasyon yo ankò. Pafwa DHA pa kenbe kopi dosye yo ta dwe genyen yo, epi yo kapab mande ou pou yo ankò.

Si andikap ou an pa aparant, ou dwe bezwen petèt pou dokimante bezwen ou yo sou andikap nan DHS. Dokimantasyon an bezwen soti nan men yon pwofesyonèl ki konnen andikap ou an. Pa egzanp, dokimantasyon an kapab soti nan men yon doktè, travayè sosyal, konseye reyabilitasyon, oubyen lòt pwofesyonèl medikal.

Dokimantasyon ou bezwen pou soumèt avèk demann RA ou an se pa menm ak yon dosye medikal. An reyalyte, dokimantasyon ou bezwen pou founi an plis limite lontan pase yon dosye medikal. Sèl enfòmasyon ou bezwen pou soumèt la se yon lèt ki dwe enkli twa enfòmasyon swivan yo:

1. RA ou bezwen an
2. Andikap ki pètinan
3. AK koneksyon ant andikap ou (oubyen andikap yo) ak RA ou bezwen an. Twazyèm pati sa nan lèt la dwe esplike lè ou genyen RA kijan sa pral ede ou aksede ak abri a nan yon fason ke ou pa kapab san RA.

Anplis, enfòmasyon swivan trè itil pou enkli nan lèt la men li pa nesèsè:

4. Tout pwoblèm ou genyen san RA (pa egzanp, genyen sentom ki pi grav, bezwen wè doktè ou pi souvan, oubyen genyen pou ogmante medikaman ou)
5. Ki move bagay ki kapab rive alavni si ou pa jwenn RA ou mande a
6. Yon nimewo telefòn oubyen imel DHS kapab itilize pou kontakte moun ki te ekri lèt la

Kijan DHS pral itilize enfòmasyon ki asosye ak andikap mwen yo?

DHS pral itilize enfòmasyon ki asosye ak andikap ou pataje sèlman pou pran yon desizyon sou demann RA ou an. DHS pa gen dwa ak entegralite antesedan medikal ou yo. Ou sèlman bezwen pataje enfòmasyon ki enpòtan pou demann RA ou an.

Enfòmasyon DHS resevwa yo sou andikap ou nan demann RA ou an konfidansyèl. Sa vle di DHS pa gen otorizasyon pou pataje enfòmasyon ak lòt moun oubyen òganizasyon yo san pèmision ou. DHS kapab mande ou pou siyen yon fòmilè HIPAA yon jan pou yo kapab pale avèk doktè ou an konsènan RA ou an. Yon HIPAA se yon fòmilè ki otorize doktè ou pale ak lòt moun apa de ou menm konsènan kondisyon medikal ou. Se desizyon ou si pou kite DHS pale avèk doktè ou an oubyen pa pale, men li kapab souvan itil pou akselere tan ki nesèsè ak DHS pou pran desizyon konsènan demann RA ou an.

Konbyen tan sa pral pran pou DHS pran yon desizyon konsènan RA mwen an?

DHS sipoze pran yon desizyon konsènan RA ou rapidman. Tan ki nesèsè pou DHS reponn ak demann RA ou an depann de sou ki tip andikap ou genyen ak kisa ki ta kapab rive si ou pa resevwa imedyatman RA a. Nan sitiyasyon ijan, DHS dwe asire li ke tan ki nesèsè pou pran yon desizyon konsènan RA ou pa twò long ke li genyen menm efè ak yon refi. Pa egzanp, si ou bezwen yon RA pou w kapab aksede ak yonabri, DHS dwe imedyatman pran yon desizyon sou demann RA ou an.

DHS kapab ba ou yon "RA pwovizwa" avan li pran yon desizyon ofisyèl. Yon "RA pwovizwa" vle di ke DHS dakò pou ba ou RA kou ou fin fè demann nan, men si li pa apwouve ofisyèlman. DHS sipoze ba ou yon RA pwovizwa si ou riske souffri yon domaj si ou pa jwenn RA imedyatman. Yon fwa DHS egzaminen tout enfòmasyon ou yo, li pral deside si wi oubyen non ou kapab kenbe RA pwovizwa a.

Si ou panse detèminasyon RA ou an pran twòp tan, ou kapab mande èd (gade "**Kisa pou m fè si mwen bezwen èd pou demann RA mwen an oubyen si mwen gen kesyon sou pwosesis RA a?**").

Kisa k'ap rive yon fwa DHS pran yon desizyon konsènan demann RA mwen an?

Si DHS apwouve demann RA ou an, yo pral ba ou yon fòmilè desizyon ofisyèl pou siyen. Ou pa bezwen siyen si ou pa vle. DHS pral founi ou RA gratis. Yon fwa yon RA apwouve, tout lokalabri yo dwe ba ou RA ki apwouve a.

Si DHS refize demann RA ou an epi ou panse ke desizyon an pa jis, ou kapab fè apèl ak desizyon an. Pou fè apèl la, li pi bon pou ekri poukisa ou panse DHS pa gen rezon. Ou kapab enkli tout enfòmasyon adisyonèl ou genyen sou bezwen ou pou yon RA. Pafwa, li kapab itil pou jwenn yon

lòt lèt nan men yon pwofesyonèl ki gen konesans sou andikap ou an. DHS pral egzaminen apèl ou an epi deside si refi a te enjis. Ou dwe fè yon apèl sou desizyon DHS la nan espas 15 jou aprè ou resevwa refi a. Yon moun nanabri ou an dwe ede ou ranpli fòmilè apèl la si ou bezwen èd. Si 15 jou pase aprè refi ou an, ou genyen tou chwa pou soumèt yon nouvo demann pou menm RA a. Pa genyen okenn limit ak kantite fwa ou kapab soumèt yon demann RA.

Èske yo kapab transfere mwen si mwen soumèt yon demann RA?

Si DHS panse keabri aktyèl ou an pa kapab adapte ak bezwen RA ou yo, yo kapab bezwen transfere ou ak yon sal diferan oubyen yon nouvoabri aprè ou fin fè demann RA ou an(yo). Ou kapab refize transfere, men DHS pral asime ki vle di ou p'ap bezwen RA a ankò. Sa vle di ou p'ap jwenn RA amwen ke ou re-aplike epi yo apwouve ou ankò.

Kisa pou m fè si mwen bezwen èd pou demann RA mwen an oubyen si m gen kesyon sou pwosesis RA a?

Ou kapab rele Legal Aid's Homeless Rights Projects (Pwojè Èd Jiridik Pou Dwa Sanabri yo) nan 800-649-9125 pou kesyon oubyen mande èd pou demann RA ou an. Liy asistans Project Rights Homeless (Pwojè Dwa Zanzabri) a ouvri soti lendi rive vandredi, 10 a.m. rive 3 p.m.

Ou kapab kontakte egalman Office of Disability Affairs (Biwo Afè Moun Andikape yo) nan DisabilityAffairs@dss.nyc.gov pou poze DHS kesyon sou pwosesis RA.

Pou aprann plis sou fè demann yon RA ak fason pou pote plent si ou panse yon moun nan DHS te diskrimine ou paske ou genyen andikap, ou kapab vizite [Sitwèb Postilan ak Kliyan DHS ki gen andikap](#).

Tanpri note: ou genyen dwa pou resevwa sèvis yo nan lang ou prefere a. Si ou genyen yon lang prefere ki pa anglè, DHS dwe founi ou sèvis ebèjman rezonab yo ak avi yo nan lang prefere ou. Tanpri vizite [Sitwèb Aksè ak Lang pou Biwo Majistra pou Afè Imigran yo \(Language Access webpage for the Mayor's Office of Immigrant Affairs\)](#) Oubyen [sitwèb Legal Aid Society sou dwa aksè ak lang ou](#).